



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 24 jiyè 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REVITALIZASYON ETABLISMAN BATO PARK ETA AVÈK \$2.8 MILYON DOLA
NAN ENVESTISMAN NEW YORK WORKS**

Etablisman renove yo ap ouvè pou sezon ete 2014 la

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Biwo Park, rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York (Park Eta) jodia te anonse achèyman twa etablisman bato ki renove nan Thousand Island ak youn nan Finger Lakes atan pou sezon bato 2014 la. Konstriksyon ak amelyorasyon yo, enkli paviyon, lansman bato ak chajman waf ki ogmante aksesibilite, te finanse yon \$2.8 milyon dola nan inisyativ New York Works Gouvènè Cuomo a.

“Tradisyon dirab navigasyon ak lapèch nan Thousand Islands ak rejyon Finger Lakes yo se pyès santral nan apèl yo ak motè enpòtan touris nan nò New York,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Renovasyon yo nan kat sit sa yo pral asire ke yo kapab prezève briyans natirèl pou jenerasyon kap vini yo. Mwen kontan paske pwogram New York Works te sipòte amelyorasyon sa yo nan etablisman bato yo nan plizyè Park Eta, epi ankouraje tout moun ki pwofite de opòtinite yo ofri pou eksperimante majik zòn sa yo.”

“Rejyon Thousand Island ak Finger Lakes gen chans avèk kèk riveren ki vreman sansasyonèl,” te deklare Komisyonè Park Eta, Rose Harvey. “Etablisman nouvo ak sa ki renove yo, grasa finansman New York Works Gouvènè Cuomo a, pral pèmèt menm pi gwo opòtinite rekreyasyon pou bato ak lapèch pou rezidan ansanm avèk touris yo, ak amelyore eksperyans yo pwofondeman.”

Twa park Eta New York nan rejyon Thousand Islands avèk etablisman bato amelyore ki se:

Keewaydin State Park, Alexandria Bay (*Investisman NY Works: \$1.375 milyon*)

Marina popilè Keewaydin te resevwa yon nouvo estasyon konfò bò lanmè avèk adisyon yon espas ki enkli, paviyon dezyèm etaj twa-sezon. Nouvo batiman an benefisye yon pi bon aksesibilite avèk pakin ki re-desine ak twotwa antre, ekipman douch twalèt modèn epi klere ak yon vizyon panoramik sou majestik St. Lawrence nan paviyon dezyèm etaj twa sezon an. Paviyon an pral disponib pou kliyan marina ak kan yo ansanm avèk pou ofri yon espas lokasyon, sou rezèvasyon, pou fanmi ak kominote a rasanble.

Long Point State Park on Point Peninsula nan Vil Lyme (*Investisman NY Works: \$400,000*)

Haitian Creole

Park la kounye a akeyi lansman bato ki antyèman modènize pou akomode anpil kliyan ki renmen espò enkwayaj lapèch nan Lak Ontario. Lansman ranp la te elaji pou pèmèt lansman anmenmtan de bato ak ekstansyon ranp nan dlo ki pi fon ki pral akdomode lansman yo pita nan sezon bato a lè dlo fon an diminye. Yon nouvo waf anbakman aksesib ki pral ajiste pou fliktiye nivo dlo yo ap konplete pwojè reyabilitasyon sa a.

Kring Point State Park, Redwood (*Investisman NY Works: \$400,000*)

Kliyan bato yo pral benefisye de yon pwojè dragaj ke yo tap tann depi lontan te makonnen avèk enstalasyon yon nouvo sistèm waf bato ki pral ajoute 30 glisman lokasyon bato nan ekipman park la. Yon pak ki popilè anpil pou lapèch antouzyas bato, King Point te nan nesosite kapasite waf la pandan anpil ane. Bè a ki abrite sou kote anndan park la te mal ansable e dragaj la te egzije pou re-etabli dlo fon nan lansman bato park la. Tout sa yo, makonnen avèk reparasyon mi yo, chajman waf la ki konfòme avèk règleman ADA, ak amelyorasyon lansman bato ak zòn pou mache a, te akonpli avèk pwojè sa a.

Senatè Patty Ritchie te deklare, “Soti nan espò-lapèch a natasyon, vwa navigab yo ki pwentiye rejyon Thousand Islands bay opòtinite inonbrab pou rekreyasyon anplennè. Mwen aplodi Gouvènè a paske li te investi nan North Country nan fè renovasyon nan park eta lokal nou yo. Chanjman sa yo non sèlman amelyore eksperyans pou rezidan lokal yo ki itilize yo chak jou, men egalman li pral ankouraje plis touris pou vizite Thousand Island epi eksperimente tout sa rejyon an gen pou ofri.”

Manm asanble Addie J. Russell te deklare, “Sa a se gwo nouvèl pou pak yo nan rejyon Thousand Islands lan. Finansman New York Works Gouvènè Cuomo a pou renovasyon etablisman nan Keewaydin, Long Point, ak Kring Point pral amelyore ak elaji kapasite yo pou yo anmezi pou bay sèvis a plis kanotye ak kliyan lapèch yo. Park Eta nou yo se youn nan byen ki pi enpòtan nan rejyon nou an e finansman sa a se yon investisman solid pou rejyon North Country ak Thousand Islands.”

Manm Asanble Ken Blankenbush te deklare, “Rivyè St.Lawrence ak anpil lòt vwa navigab nou yo se byen fòmide pou North Country, se poutèt sa mwen sipòte pwogram NY Works la. Plan enpòtan sa a te finanse amelyorasyon park yo pami lòt pwojè yo pou benefisye rezidan ak vizitè yo. Rejyon sa a se yon teren jwèt natirèl pou moun kap monte bato yo, pechè ak lòt amatè anplennè antouzyas yo, e angajman kontinyèl nou pou pwomote ak amelyore zòn lan enpòtan pou ekonomi an ak ranfòsman endistri touris nou an kap grandi.”

Gary DeYoung, Direktè Egzekitif Konsèy Touris Entènasyonal 1000 Islands, te deklare, “Investi nan enfrastrikti marina rejyon Thousand Islands, sèvis lansman ak bato esansyèl pou kenbe pozisyon rejyon an tankou yon premye destinasyon bato nan Amerik di Nò. Pwojè yo tankou amelyorasyon nan Keewaydin State Park te gen enpak ekonomik enpòtan sou ekonomi touris nou yo.”

Nan Rejyon Finger Lakes:

Seneca Lake State Park, Geneva (*Investisman NY Works \$650,000*)

Lansman Bato Park Eta Seneca Lake te rekonstri an gran pati akòz de move kondisyon lansman orijinal

Haitian Creole

la. Pilye beton yo nan waf la te enstale apre yon sèten tan epi panche, kite itilizatè yo mache sou sifas ki panche a. Nouvo, lansman bato ki ouvè pa twò lontan de sa fikse sa, li gen ladann konstriksyon yon gwo pakin estasyonman pou trelè bato, nouvo pakin pou ti bato marina yo, nouvo santye, e li konfòme a ADA. Trele a ak zòn pakin pou ti bato yo kounye a konpoze de pave pèmeyab, ak yon ti zòn imid ki te konstwi pou ede avèk ekoulman sou sit la.

Senatè Mike Nozzolio te deklare, “Nan bèl jounen ete yo, pa gen pi bon kote pou pwofite tan sou dlo pase la nan rejyon Finger Lakes. Rekonstriksyon lansman bato a nan Park Eta Seneca Lake pral asire aksè kontinye nan Seneca Lake pandan tout mwa ete yo pou rezidan lokal ansanm avèk touris yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo pou efò l nan garanti finansman enpòtan sa yo atravè pwogram New York Works la.”

Lidè Minorite Asanble a Brian Kolb te deklare, “Rekonstriksyon lansman bato nan park eta Seneca Lake bay aksè amelyore a youn nan pi gwo resous natirèl New York. Investisman nan pwojè enfrastrikti rekreyasyon pèmèt fanmi ak vizitè yo nan Finger Lakes pwofite yon pi bon eksperyans anplennè. Renovasyon nesèsè sa pral ede plizyè milye kanotye ak amatè anplennè pou jwi yon bèl ete nan Seneca Lake.”

Nouvo etablisman yo souliye angajman Gouvènè Cuomo pou amelyore Park Eta ak elaji aksè a rekreyasyon anplennè. Gouvènè a te enkli yon twazyèm seri \$90 milyon dola nan finansman New York Works pou amelyorasyon park ak sit istorik yo. Lanse pa Gouvènè a nan ane 2012, New York Works ap avanse pwojè reparasyon ak amelyorasyon nan 109 park eta ak sit istorik toupatou nan eta.

Jounen lapèch lib se yon pati nan inisyativ NY open pou Lapèch ak Lachas, yon efò pou amelyore opòtinite rekreyasyon pou spòtif fi ak gason ak pou ranfòse aktivite touris nan tout eta. Inisyativ sa a gen ladan rasyonnalizasyon lisans, redwi frè lisans, amelyore aksè pou lapèch ak ogmante opòtinite lachas nan Eta New York.

An sipò de inisyativ sa a, bidjè ane sa a gen ladan \$6 milyon dola nan finansman NY Works pou sipòte kreyasyon pwojè 50 nouvo tè ak aksè dlo pou konekte pechè, chasè, moun kap obsève zwazo ak lòt moun ki renmen lwazi anplennè a plis pase 380,000 larp tè ki deja egziste ak tè dwa pasaj ki poko atenn tout potansyèl yo. Pwojè 50 nouvo aksè sa yo enkli konstriksyon nouvo lansman bato, enstale nouvo magazen lachas ak bati nouvo santye ak zòn pou stasyonman. Anplis, bidjè 2014-15 lan gen ladan \$4 milyon dola pou repare kouvwa pwason eta; ak renouvle epi pèmèt itilizasyon elaji abalèt pou lachas nan Eta New York.

Bidjè ane sa a egalman redwi frè lisans lapèch akoutèm; ogmante kantite jou lapèch gratis nan tout eta soti nan de pou rive a uit jou; otorize DEC pou ofri 10 jou pri pwomosyon pou lisans lapèch, lachas ak pyèj; ak otorize plas avanti gratis pou moun ki gen nouvo lisans pou lavi, plak a pri rabè pou moun ki gen lisans lavi ki egziste deja ak frè regilye pou plak avanti pou moun ki gen lisans anyèl.

Aksyon sa yo ap ede sipòte yon segman solid nan ekonomi touris eta. Anplis, yon etid nan ane 2004 New

Haitian Creole

York Sea Grant te jwen ke bato lwazi nan Eta New York genyen yon enpak ekonomik anyèl de \$1.8 milyon dola e li te reprezante 18,700 djòb. Daprè yon rapò nan ane 2013 pa Asosyasyon American Sportfishing, New York klase dezyèm sèlman apre Florida nan depans pechè. Espò lapèch gen yon enpak total de \$4.475 bilyon dola e li sipòte 32,000 djòb nan NYS.

Eta New York rekonèt gwo responsabilite ki vini avèk rekreyasyon bato ak lapèch. Pou fè vwa navigab New York yo pi ansekirite, Gouvènè Andrew M. Cuomo pa twò lontan de sa te siyen yon lwa ki egzije nenpòt moun ki te fèt nan oswa apre 1^{ye} Me 1996 ki vle opere yon bato a motè pou jwenn yon sètifika Sekirite Bato nan konplete yon kou uit èdtan ki apwouve. Yo kapab konplete kou yo ak jwenn sètifika yo atravè Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik. Power Squadrons, oswa Gadkòt Etazini. Yo lis kou ki apwouve disponib nan [sitwèb](#) Park Eta yo. Kèlkeswa laj la, tout operatè motomaren pèsònèl yo (PWC) bezwen yon sètifika Sekirite Bato.

Anplis, yo ankouraje fòtman kanotye, pechè ak lòt amatè lwazi yo pou pran etap enpòtan pou evite transpòte espès anvayisan yo, patikilyèman apre yo fin kite dlo yo ki konnen tankou espès anvayisan akwatik. Sa a kapab akonpli nan enspekte ekipman lapèch ak bato pou retire tout labou, plant ak lòt òganis, epi netwaye an pwofondè, drene ak seche tout ekipman, rad ak lòt kouvèti anvan yo itilize l nan yon lòt plan dlo. Yo dwe pran mezi pou desenfekte ekipman pèch ak bato si yo pa ka seche anvan yo itilize nan lòt dlo.

Ou ka jwenn yon lis konplè sit lansman bato nan Eta New York [la](#).

Pou aprann plis sou Biwo Park, Rekreyasyon ak Prezèvasyon Istorik Eta New York

Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik Eta New York sipèviz 180 pak ak 35 espas istorik eta a, epi gen 60 milyon moun ki vizite yo chak ane. Yon etid resan, ki te fèt pa Parks & Trails New York, te jwenn Pakr Eta New York jenere \$1,9 bilyon dola nan aktivite ekonomik chak ane, epi sipòte 20.000 djòb. Pou jwenn plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, rele 518-474-0456, oswa vizite www.nysparks.com, konekte nan Facebook, oswa swiv nou nan Twitter.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE

Haitian Creole